Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 18 (6806) 16 май 2022 с. Итни Шавал 1443 с. Багъа - эркенаб

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## Гъалип Гъалипов: «Фашизмалъул къоралдаса инсаният эркен гьабурал нилъеда даим кIоченаро»

### КIудияб Бергьенлъиялъ 77 сон тIубай кIодо гьабуна Бакълъул ракьалда



**КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналъул хIурматалда тарихиялгун маданиял, спортивиялгун гIаммал тадбирал тIоритIана Бакълъулазул районалда араб анкьалъ. Районалъул администрациялдаса бахъараб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалде щвезегIан «Хвел гьечIеб полкалъул» иналдалъун байбихьана байрам. Тадбирал тIоритIана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул хъаравуллъиялда.**

КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул памятникалда цебе тIугьдузул горал лъун хадуб дунялалъул кIиабилеб рагъул дарсазул хIасилал гьариялъул бугеб кIваралъул бицана Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, МелъелтIа росдал аслияб школалъул цIалдохъабаз ва цогидаз. Районалъул имамзабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурашид ХIажиевас, ВатIан цIулулаго хваразе, дугIа гьабуна.

Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабаз гьеб идараялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Жамалудин Исраповасул буюрухъалда рекъон байрамалъулаб салют гIуцIана. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна хIалхьиялда вугев генерал-майор, Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи ГIали МухIамадовас. Памятникалда аскIор суратал рахьиялдаса хадуб рохалилаб байрам тIобитIана администрациялъул актовияб залалда.

КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 77 сон ин кIодо гьабураб митингалда кIалъазе вахъана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалипов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, ДРалъул Халкъияб Собраниялъул 6-абилеб ахIиялъул депутат МухIудин МухIудинов, Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, танковияб ротаялъул командир, капитан, Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав УхIумагIали ХIусейнов, районалъул харабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев, кьурдулаб «ВатIан» кьокъаялъул нухмалъулев ГIали МухIамадгIалиев, ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школаялъул мугIалим Халипат Навурбиева, МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школаялъул цIалдохъан ПатIимат АхIмаднабиева, администрациялъул вакил Камил МухIамадбегов ва бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева.

«77 сон ккун цебе, 9-абилеб маялъ, советиял рагъулал аскаразул щущахъ рихизаруна нилъер улкаялде тIаде кIанцIарал фашистал, Рейхстагалда тIад парпазабуна багIараб байрахъ. Гьеб буго бицун хIал кIолареб кIодолъиялъул нилъер гIемер миллатазулаб улкаялъул халкъалъ босараб бергьенлъи. 20 миллионалдасаги цIикIкIун чияс рухI кьуна ВатIан, инсаниялъул букIинесеб цIуниялъе гIоло. 1380 бакълъулас гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда, гьезда гьоркьоса 866-яв рагъулаб байданазда хутIана.

Фронталъе кумек гьабуна тылалъги. Дагъистаналъул гIадамазул сурсатазде гIуцIана «Шамил» абураб танковияб колонна, гьединго гIуцIана «Дагъистаналъул комсомолец» абураб бронепоезд. Фашизмалъул къоралдаса инсаният эркен гьабурал нилъеда даим кIоченаро. Россия – чIаго гIадамал рухIулел фашистазда дуниял бацIцIад гьабураб улка, нилъер умумуз сайгъат гьабуна инсаниялъе парахатаб гIумру»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Бакълъулазул нухмалъулес гьединго баян гьабуна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница Украина фашистазулаб пикру бугездаса эркен гьабизе мурадалда тIобитIараб хасаб рагъулаб операция битIараблъун рикIкIунеблъи ва улкаялъул нухмалъулесул сиясаталъул рахъ кколеблъи.

«1941-1945-абилел соназо гIадин, жакъаги Россиялъ хIаракат бахъулеб буго гьанжесел фашистазде данде къеркьезе. Нильеца босизе буго иргадулаб нухалъ бергьенлъи. Украинаялда гьунар тIокIлъи, хIинкъи гьечIолъи, ВатIан цIунизе бугеб гьира бихьизабулеб буго бакълъулазул, Дагъистаналъул, Россиялъул бахIарзаз. Гьенир чIварал Къурбан Дибиров, АхIмад МухIамадова, Шамил ХIажимурадов Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил буюрухъалда рекъон Бихьинчилъиялъулаб орденалъу мустахIикълъана. Нилъеда кIочене бегьуларо гьезул бахIарчилъи, гьел руго цIиял гIелазе мисал»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



КIудияб Бергьенлъи босиялъул хIурматалда – волейболалъулаб турнир

- 2 гьум.



АхIмадбег Къадилаев – цIар рагIарав адвокат, жамгIияв хIаракатчи, лъайкьеялъул цевехъан

- 2 гьум.



Шарип Шариповас ва Гъалип Гъалиповас Килалъ гъутIби чIана

- 2 гьум.



КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабурал

- 2 гьум.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## КIудияб Бергьенлъи босиялъул хIурматалда – волейболалъулаб турнир

### Спортивияб тадбир тIобитIана Аслудин МухIамадовасул цIаралда

**КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналда хурхун Бакълъул районалъул физкультуриябгун сахлъи цIуниялъул комплексалда тIобитIана Аслудин МухIамадовасул цIаралда волейболалъулаб турнир. ТIоцебесеб ва призовиял бакIазе гIоло хIалезул партиязухъ балагьана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов, сахаватчи МухIудин МухIудинов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, Гъизилюрт шагьаралъулаб Собраниялъул депутат МухIамад Загьидов, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Жамалудин Исрапов, волейболалъул ветеран УхIума ХIажимурадов, Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи УхIумагIали ХIусейнов ва цогидал.**



Берцинаб, махщел тIокIаб хIаялъул хIасилалда Бакълъул районалъул чемпионлъун бахъана Игьали росдал команда, кIиабилеб бакI щвана Аргъвани росдае, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МелъелтIа росдал команда.Турниралъул хIаял ана дагIба-къец ккечIого берцинго. Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна Аслудин МухIамадов Дагъистаналъул тарихалда къиматаб бакI тарав, сахав инсан вукIиналъул.

Гъалиповас бергьенлъи босараб «Игьали» командаялъе кубок, грамотаби, гIарцулаб приз ва цогидал сайгъатал кьуна. «Аргъвани» командаялъе шапакъатал кьуна МухIудин МухIудиновас, «МелъелтIа» командаялъе – МухIамад Загьидовас. «Бищун лъикIав гьужум гьабулев» абураб номинациялда шапакъат щвана МухIамадрасул АхIмадовасе (МелъелтIа), турниралъул бищун лъикIав хIалев чилъун вахьана ХIусен МухIамадов (Игьали), бищун лъикIав цIунулев – МухIамад Насрулаев (Килалъ), бищун лъикIав бухьен гьабулев – Шамил ХIажиев (Аргъвани).

СахаватчагIаз гьединго хасал сайгъатал кьуна командабазе, хIалезе, судьябазе. Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна турниралъул киналго гIахьалчагIазе, лъикIаб кимат кьуна балагьизе рачIаразе, командабазе цоцазул гьабураб адабалъухъ, спорталде данде кколареб гIамал хIалтIизабичIого, берцинаб, лъикIаб асар гьабулеб, махщел тIокIаб хIай бихьизабуралъухъ. Гьединго Гъалиповас баркала кьуна полициялъул хIалтIухъабазе гIаммаб гIадлунизам лъикI цIунаралъухъ.

Бакълъул районалъул нухмалъулезул хIаракаталдалъун муниципалитеталда волейбол цIилъулеб буго, батIи-батIиял спорталъул тайпаби районалда церетIезе бажарараб гьабулеб буго администрациялъул ва килзабаз.

**«Гумбет» РИО**

ГЪАЛИП ГЪАЛИПОВ

## Гъалип Гъалипов: «Фашизмаялъул къоралдаса инсаният эркен гьабурал нилъеда даим кIоченаро»

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** Байрамалъулаб митингалда районалъул бетIерас «Бакълъул районалда спорт ва физическияб культура цебетIезе къиматаб бутIа лъуралъухъ, цIиял гIелал куцазе хIаракат бахъаралъухъ» баркалаялъулал кагътал кьуна ГIумар ХIандулаевасе, Гьайирбег ГIалиасхIабовасе, Хайрула ХIамидовасе, Ибрагьим Ибрагьимовасе. Спорталъул ветеранал кIодо гьаруна гIарцулаб сайгъаталталъун, хъахIал буртиназдалъун ва бухаритIагьраздалъун.

Кино ва искусство районалда цебетIезе квербакъаралъухъ шапакъат кьуна ГЦТКНРялъул хIалтIухъан ГIазра Исубилаевалъе, медаль ва «Россиялъул хIурматияв гражданин» абураб цIаралъул удостоверение кьуна «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъе. Афгъаналъулаб рагъул гIахьалчи ГIабдулкъудус ГIумархIажиевасе кьуна свидетельство мина-рукъ кIачIазе субсидия кьураб. «Народное ополчение 1999 г. "Интербригада"» ДРООялъул штабалъул нухмалъулев УхIума ГIабдулкъадировас Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасе ва гьесул заместитель Малик Маликовасе цIиял гIелазе битIараб тарбия кьезе ва ВатIан бокьиялъул тадбирал гIуцIизе хIаракат бахъаралъухъ шапакъатал кьуна.

КIудияб Бергьенлъиялъ босаралдаса 77 сон иналда хурхун Бакълъул районалда гьединго тIоритIана «Бергьенлъиялъул Байрахъ», «Бергьенлъиялъул гордал», «Георгийил чIоло», «Солдатасул карщ» абурал ва цогидал тадбирал, гIуцIана спортивиял къецал. Администрациялъул активияб залалда художествияб программаги тIобитIана. Гьедин, байрамалъул гIахьалчагIазе лъикIаб асар гьабуна «ГьитIинал магIарулал» абураб къурдулаб кьокъаялъул ва цогидал артистазул церерахъиназ.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Шарип Шариповас ва Гъалип Гъалиповас Килалъ гьутIби чIана

### «РакIалдещвеялъул ах» абураб акциялъулъ жигарго гIахьаллъана бакълъулал

**Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил сурсатазул министрасул тIоцевесев заместитель Шарип Шариповас ва Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна «РакIалдещвеялъул ах» абураб тадбиралда. Гьедин, КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралда 77 сон тIубаялъул хIурматалда Килалъ росулъ гьез чIана гIечул гьутIби.**



Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул ахихъабазул гIуцIиялъул нухмалъулев Сайдула Орусхановас, Бакълъул, Гъуниб, Болъихъ районазул росдал магIишаталъул идарабазул нухмалъулел МухIамад ГIабдулхIалимовас, АхIмад Хучировас ва Расул Мухтаровас.

««РакIалдещвеялъул ах» акциялъ тIуразарула гIемерал масъалаби: росдал магIишат цебетIейги, тарихияб ракIалдещвей цIуниги, тIабигIаталъул ахIвал-хIал лъикIлъизабиги. Бакълъулаз жигараб гIахьаллъи гьабуна гьеб акциялъулъ»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## АхIмадбег Къадилаев – цIар рагIарав адвокат, жамгIияв хIаракатчи, лъайкьеялъул цевехъан

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана машгьурав юрист, жеги хIалтIулев адвокат, жамгIияв хIаракатчи АхIмадбег Къадилаевасда гьев гьавураб къо ва гьарана кинабго лъикIабщинаб. «ХIурматияв АхIмадбег Къадилаевич! Киналго бакълъулазул ва дирго рахьалдасан баркула дуда гьавураб къо! Дуца гIумрудул къоял риччана ракIбацIцIадго халкъалъе кумек гьабиялъе, къиматаб даражаялда тIурана тIадал ишал, бихьизабуна сундулъго гьунар ва лъай. Дагъистаналъе ва Бакълъул районалъе дуца гьабураб пайдаялъе халкъалъги кьуна лъикIаб къимат.**



Загьир гьабизе бокьун буго дуе ракI-ракIалъулаб баркала Бакълъул район цебетIезе квербакъаралъухъ. Мун гьавураб къоялъ гьарула дуе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, тIура ги церелъурал масъалаби, кинабго лъикIабщинаб!»,- ян хъван буго Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул баркиялъулаб кагъаталда.

АхIмадбег Къадилаев ккола Бакълъул районалъул Чикь росулъа. ГIумру тIами гьабулеб буго Гъизилюрт шагьаралда. 1962-1977-абилел соназ хIалтIана мугIалимлъун, школалъул директорлъун, Бакълъул районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулевлъун, бакълъулазул халкъиял депутатазул райсоветалъул исполкомалъул зампредлъун, ДАССРалъул Минпросалъул школазул инспекторлъун.

1976-абилеб соналъ лъугIизабуна Кубаналъулаб госуниверситеталъул юридикияб факультет. ХIалтIана Бакълъулазул прокуратураялъул следовательлъун, Дубки росдал прокурорасул заместительлъун, Унсоколо районалъул Шамилхъала росдал прокурорасул заместительлъун. 1992-абилеб соналъул сентябралдаса хIалтIулев вуго Гъизилюрт районалъул адвокатазул коллегиялъул адвокатлъун. «ш.Гъизилюрт» МОялъул жамгIияб гIуцIиялъул гIахьалчиги ккола.

**«Гумбет» РИО**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 77 СОН

## КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабурал

### Тылалъул ветераназухъе щвана

**Советияб халкъалъ фашистазулаб Германия щущахъ бихизабуралдаса 77 сон иналда хурхун бакълъулаз кIодо гьаруна тылалъул ветераналъул. Гьедин, Данухъ росдал бегавул ГIабдулатIип ГIисаев ва районалъул депутатазул Собраниялъул депутат Юсуп Сайпулаев гьоболлъухъ щвана захIматалъул ветеран, батIи-батIиял шапакъатазе мустахIикълъарав КъурахIма ПирмухIамадовасухъе.**

Чикь росдал администрациялъул вакилзаби щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул къоролай ГIайшат Малачиевалъухъе. Гьалбадерие гьелъ баян гьабуна халкъалъул цолъи, гьунки районалъул, Дагъистаналъул ва тIолго улкаялъул аслияб къуват букIин. Нахъеги ГIайшат Малачиевалъ загьир гьабуна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясаталъул рахъ кколебльи.

Россиялъул рагъулал инвалидазул «ВоИн» жамгIияб идаралъул Дагъистаналъул отделениялъул Бакълъул мухъалда бугеб идараялъул нухмалъулев Багьавудин МухIамадов ва ГьарадирихЪ росдал гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель ТIалхIат МуртазагIалиев ва цогидал щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул хъизан МуъминатИбнухIажаровалъухъе. Баркана гьелда КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 77 сон ин, кьуна кванил нигIматал ва цогидал сайгъатал. Бергьенлъи гIагар гьабизе, рухIалда барахщичIого хIалтIарал, кIодо гьаруна Бакълъул районалъул цогидал росабалъги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

# Поздравляю с Великой Победой

**Уважаемые Гумбетовцы! Поздравляю вас с прошедшим Днем Победы в Великой Отечественной войне! В этот праздник всех нас переполняет чувство гордости за поколение победителей, освободившее мир от фашизма. Мы знаем, какой ценой далась эта Победа, и свято чтим ратные и трудовые подвиги тех, кто выстоял в героической борьбе за свободу и независимость Родины.**

**Уверен, эти традиции продолжат наши дети, внуки, правнуки. Мы никому не позволим переписать страницы истории и будем стремиться быть достойными наших дорогих ветеранов – подлинных патриотов, не жалевших себя ради чести и славы Отечества.**

**Значение и роль Великой Победы неоценимо. Особенно в свете проведения спец. операции на Украине. Тогда наши деды и отцы бились против нацизма, а сегодня их дело продолжают их внуки и правнуки. Пусть небо над нашей Родиной всегда будет мирным и безоблачным! Желаю всем счастья, здоровья, благополучия и добра!**

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району Д. Исрапов**

ДОКУМЕНТЫ

# Отчет об исполнении бюджета сельского поселения «Село Читль» за 2021 год

**от 28 марта 2022 г.**

**Решение № 2**

**Принято Собранием депутатов сельского поселения «Село Читль»**

**Бюджет сельского поселения «Село Читль» за 2021 год исполнен по доходам в сумме 2606 тыс.рублей, по расходам 2391,9 тыс.рублей со следующими показателями:**

- объем поступления доходов бюджета сельского поселения согласно приложению №1(прилагается)

- по расходам бюджета сельского поселения по разделам подразделам согласно приложению №2 (прилагается)

**Председатель Собрания А.А. Алиев**

**Приложение №1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» от 28 марта 2022 г.**

**Доходы бюджета сельского поселения «Село Читль» за 2021 год**

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | | | | | | | План на 2021 год | Фактически исполнено за 2021 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Администратор | Вид доходов: Группа | Подгруппа | Статья и подстатья | Элемент | Подвид доходов | КОСГУ | | | |
| Налог на доходы физических лиц | 182 | 1 | 01 | 02010 | 01 | 1000 | 110 | 13 | 17,4 | 133,8 |
| Налог на имущество физических лиц | 182 | 1 | 06 | 01030 | 10 | 0000 | 110 | 6 | 5,6 | 93,3 |
| Единый сельскохоналог | 182 | 1 | 05 | 03000 | 00 | 0000 | 110 | | | |
| Земельный налог | 182 | 1 | 06 | 06033 | 10 | 1000 | 110 | 21 | 23,5 | 111,9 |
| Государственная пошлина | 000 | 1 | 08 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| ПРОЧИЕ НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 000 | 1 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | 000 | 8 | 50 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 40 | 46,5 | 116,3 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 001 | 8 | 70 | 00000 | 00 | 0000 | 001 | 2559 | 2559,5 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 001 | 2 | 02 | 01001 | 10 | 0000 | 002 | 1801 | 1802 | 100,1 |
| Субсидии в.т числе | 001 | 2 | 02 | 02000 | 00 | 0090 | 003 | | | #ДЕЛ/0! |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | | | | | | | | | | #ДЕЛ/0! |
| Иные межбюджетные трансферты бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 001 | 2 | 02 | 40014 | 10 | 0000 | 150 | 672 | 672 | 100,0 |
| Субвенции | 001 | 2 | 02 | 03000 | 00 | 0090 | 150 | 86,0 | 86,0 | 100,0 |
| в том числе | | | | | | | | | | |
| ЗАГС | 001 | 2 | 02 | 03003 | 05 | 0000 | 150 | 0 | 0 | #ДЕЛ/0! |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 001 | 2 | 02 | 35118 | 10 | 0000 | 150 | 86 | 86 | 100,0 |
| Возврат прочих остатков субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, прошлых лет из бюджетов сельских поселений | 001 | 2 | 19 | 60010 | 10 | 0000 | 150 | | -0,5 | #ДЕЛ/0! |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | 000 | 00 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 2599,0 | 2606,0 | 100,3 |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» от 28 марта 2022 г.**

**Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Читль» за 2021 г.**

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимиты бюджетных обязательств на 2021год | Кассовые выплаты за 2021 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 2816,2 | 2391,9 | 84,9 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1303,6 | 1186,0 | 91,0 |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Читль» за 2021 г.

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1303,6 | 1186,0 | 91,0 |
| Местные выборы | 001 | 01 | 07 | | | | |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 86,0 | 86,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 86,0 | 86,0 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 856,6 | 656,1 | 76,6 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 856,6 | 656,1 | 76,6 |
| Образование | 001 | 07 | 00 | | 19,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 19,0 | | 0,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 438,0 | 383,2 | 87,5 |
| Културно досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 438,0 | 383,2 | 87,5 |
| Социальная политика | 001 | 10 | 00 | | 36,0 | 35,6 | 98,9 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 36,0 | 35,6 | 98,9 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 37,0 | 5,0 | 13,5 |

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

**17 мая 2022 года в 10.00 ч. в здании администрации сельского поселения «Село Чирката», по адресу ул. Центральная д. 66, состоятся публичные слушания по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:25:000034:419, предназначенного для сельскохозяйственного использования на туристическое обслуживание. Постановление главы АСП «Село Чирката» о назначении публичных слушаний № 10 от 11.05.2022 г.**

**Предложения по данному вопросу принимаются по адресу с. Чирката ул. Центральная д. 66 до 17:00 16 мая.**

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Проводится и продолжается отбор кандидатов мужского пола на военную службу по контракту в воинские части:**

LB м-91706. 91708.91714. 84839, 15269. 22220. 82717 Персиановский Росгов.Обл.8()А-7ч;

2. В Ч-О9332. 014485. 74814. 49 ОА- 2ч.
3. в 4-27777. 71718. 16544. 65384. 75394. 66431. 58ОА -5ч.
4. в'ч-87852. 72969. 87111.20527.40153. 40140.97729 Каспийская флотилия 10ч.
5. В/Ч-48315.71226. 98591.98592.63530. 57229. Част окружного подчинения -1ч.
6. ВКС-1Ч.
7. ВДВ-1Ч,
8. Другие военные округа-1ч;
9. Другие органы военного управления-ми.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссаршп Казбековского и Гумбстовского муниципальных районов гсл.(8-279)-2-13-02

**Военный комиссар Казбековского и Гумбетовского муниципальных районов А. Магомедов**

## Плюсы и преимущества внедрения Единого налогового счета

**Уважаемые налогоплательщики!**

**Государственной Думой Федерального Собрания Российской Федерации в первом чтении был принят проект Федерального закона № 46702-8 «О внесении изменений в часть первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации» (далее – законопроект, проект ФЗ).**

Законопроектом предлагается ввести институт Единого налогового счета (далее - ЕНС), в рамках которого для каждого налогоплательщика консолидируются в единое сальдо расчетов с бюджетом все подлежащие уплате и уплаченные с использованием единого налогового платежа налоги.

**Какие плюсы и преимущества ЕНС?**

Плюсы:

1. Внедрение ЕНС позволит изменить и упростить механизм исполнения обязанности по уплате налогов и обеспечит экономически обоснованный расчет суммы пеней на общую сумму задолженности перед бюджетом. Исчезает необходимость перечисления большого количества платежей.

2. Ситуация, при которой у одного плательщика имеется одновременно задолженность и переплата по разным платежам, становится невозможной. Уточнения и зачеты исчезнут за ненадобностью.

3. Устанавливаются единые сроки уплаты налогов, что упрощает платежный календарь налогоплательщиков и позволяет платить все налоги 1 раз в месяц единым налоговым платежом.

4. Положительное сальдо на ЕНС – является деньгами налогоплательщика, которые он может использовать как актив – быстро вернуть (налоговый орган направит распоряжение на возврат в ФК не позже следующего дня после поступления заявления от плательщика) или направить на счет другого лица.

5. Введение института единого налогового счета планируется одновременно с расширением сервисных возможностей ФНС России – онлайн доступности для плательщиков детализации начислений и уплаты налогов, а также дальнейшей интеграции с IT-платформами плательщиков в этой части. По ИНН можно будет платить как по номеру телефона, подключить автоплатеж. Актуальная сумма обязательств всегда будет доступна налогоплательщику онлайн.

6. При необходимости всегда можно будет получить детализацию, как сформировался баланс, на что и как были распределены платежи.

Преимущества:

1) 1 платеж + 2 реквизита в платеже (ИНН и сумма платежа);
2) 1 срок уплаты в месяц;
3) 1 сальдо в целом по ЕНС;
4) 1 день для поручения на возврат;
5) 1 документ взыскания для банка;
6) 1 день для снятия блокировки по счету.

**Советник государственной гражданской службы РФ 2 класса А.М. Иманшапиев**

## О получении ключа электронной подписи

**Уважаемые налогоплательщики!!!**

**Межрайонная инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан сообщает, что с 1 января 2022 года все юридические лица, индивидуальные предприниматели и нотариусы имеют право получить ключ электронной подписи (КЭП) Удостоверяющим центром ФНС России.**

Получение подписи бесплатно и экстерриториально, то есть заявитель может обратиться в любую точку УЦ ФНС России. Заявителю необходимо приобрести носитель, на котором будет сгенерирована подпись, то есть закрытый ключ, и затем уже выпустить сертификат.

**Советник государственной гражданской службы РФ 2 класса А.М. Иманшапиев**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.